Pou Piblikasyon Imedya: 21/11/2025 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LÒT AVANTAJ POU NOUYÒKÈ KI AP FÈ FAS AK ENSEKIRITE ALIMANTÈ AVÈK PWOGWAM FRESHCONNECT LA

Nouyòk ap bay fanmi yo èd pandan sezon fèt sa a avèk plis alokasyon finansyè FreshConnect ki disponib kounye a

FreshConnect pèmèt Nouyòkè ki nan ensekirite alimantè yo achte manje fre nan mache kiltivatè k ap patisipe yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke gen plis benefis pou Nouyòkè ki nan ensekirite alimantè ki disponib kounye a nan mache kiltivatè k ap patisipe yo atravè pwogram FreshConnect Eta a. Atravè Pwogram Repons Ijans FreshConnect la (FreshConnect Emergency Response Program), Nouyòk ap asosye avèk mache kiltivatè ki kalifye yo pou distribye Chèk FreshConnect ki vo 20 dola chak semèn bay Nouyòkè ki nan bezwen pou yo depanse sou manje fre. Yo dedye yon total 2 milyon dola pou efò sekou ijans sa a, kòm yon pati nan 106 milyon dola fon Gouvènè a te akselere pou ede ak bezwen alimantè apre fèmti gouvènman federal la e an repons a koupi san sans administrasyon Trump la.

"Pandan Repibliken nan Washington yo kontinye koupe benefis pou moun ki pi bezwen yo, administrasyon mwen an te konsantre sou opoze a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ekspansyon ijans pwogram FreshConnect nou an se youn nan eleman nan repons milti-fasèt Nouyòk la fas a rediksyon benefis gouvènman federal la, pandan n ap kontinye fè tout sa ki nan pouvwa nou pou asire ke Nouyòkè yo pa grangou pandan sezon fèt sa a. Mwen ankouraje Nouyòkè ki kalifye yo pou yo jwenn yon mache k ap patisipe toupre yo epi pou yo patisipe nan pwogram sa a."

Komisè Agrikilti Eta Nouyòk (New York State Agriculture) la, Richard A. Ball, te deklare, "Pandan plis pase yon deseni, Pwogram FreshConnect nou an te ede moun ki resevwa SNAP yo ogmante pouvwa acha yo nan mache kiltivatè yo, ede yo achte manje fre ak lokal tout pandan y ap sipòte kiltivatè Nouyòk yo an menm tan. Pandan n ap fè fas ak yon moman bezwen ijans kritik, mwen fyè dèske pwogram sa a ka elaji pou ede ranpli kèk twou vid epi fè plis manje ale jwenn moun ki pi bezwen li yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip san fay li fas a yon defi konsa, pandan n ap travay pou asire ke fanmi nou yo gen ase manje pou yo mete sou tab la alafwa pandan sezon fèt la ak pandan tout ane a."

Atravè Pwogram Repons Ijans FreshConnect la, Nouyòkè ki nan bezwen yo ka resevwa 20 dola nan Chèk FreshConnect yon fwa pa semèn nan mache kiltivatè k ap patisipe yo pandan y ap dire jiska 31 desanm 2025. Inisyativ FreshConnect Fresh2You a pral kounye a bay benefisyè SNAP ki nan mache kiltivatè k ap patisipe Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets) yo administre pwogram FreshConnect la. Anjeneral, li bay 2 dola nan chèk FreshConnect pou chak 2 dola depanse nan pwogram SNAP la, sa ki bay yon kontribisyon dola pou dola ki pèmèt fanmi yo achte plis pwodui alimantè ki kalifye pou SNAP. Pwogram Repons Ijans FreshConnect ki anonse jodi a pa mande yon kontribisyon dola SNAP.

Konsomatè yo ka itilize Chèk Repons Ijans FreshConnect yo pou achte pwodui alimantè ki kalifye pou SNAP, tankou fwi, legim, vyann, pwason, bèt volay, pen, siwo myèl, sòs, pwodui letye, pas, pwodui boulanjri, ak plis ankò. Ou ka depanse chèk yo ansanm ak nenpòt lòt fòm peman, tankou SNAP EBT oubyen jeton ak lòt koupon pou ankourajman nitrisyonèl.

Ou ka jwenn mache k ap patisipe yo toupatou nan eta a epi ou ka jwenn yon lis konplè mache k ap patisipe yo nan agriculture.ny.gov/market-schedule-freshconnect-emergency-response-program. Nouyòkè ki enterese nan resevwa avantaj sa a ta dwe vizite jesyon mache patisipan yo oswa tab enfòmasyon an pou plis detay sou kijan pou yo patisipe.

Chak mache patisipan te resevwa yon kantite limite koupon pou distribye. Kote yo prevwa plis trafik sou mache a ak gwo demann pou koupon sa yo, kidonk Nouyòkè yo ta dwe konnen yo ka gen anpil tan datant pou jwenn aksè a benefis sa yo. Depatman an ak responsab mache yo remèsye patisipan yo davans pou pasyans yo.

Direktè Egzekitif Federasyon Mache Kiltivatè nan Nouyòk (Farmers Market Federation of New York), Jack Riffle, te deklare, "Mache kiltivatè yo, kiltivatè yo, ak Nouyòkè ki konte sou pwogram asistans alimantè yo rekonesan pou ekspansyon ijans Gouvènè Hochul la nan pwogram FreshConnect la. Antanke Federasyon, nou te oblije lite pou sipòte mache yo ak achtè yo pandan fèmti gouvènman federal la ak ensètitid ki te genyen sou distribisyon benefis SNAP yo. Chèk Repons Ijans FreshConnect yo pral fè yon gwo diferans pou kliyan ki bezwen asistans alimantè, pou ede yo jwenn aksè ak manje nourisan tout pandan y ap sipòte pwofi kiltivatè Nouyòk yo."

Senatè Eta a Michelle Hinchey te deklare, "Administrasyon Trump la plizyè fwa pa ede fanmi yo achte manje, epi Nouyòk ap fè egzakteman opoze a lè l ap pran swen rezidan nou yo. Ranfòse chèk FreshConnect pandan sezon fèt sa a vle di plis fanmi ka ranpli panye makèt yo ak manje fre, ki soti lokalman nan men kiltivatè Nouyòk yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li akselere finansman sa yo epi li kanpe avèk nou nan batay kont grangou a ak pou diyite ak sante chak Nouyòkè."

Majistra Vil Rochester Malik D. Evans te deklare, "Pwogram sa a pa sèlman ede plizyè santèn fanmi k ap fè fas ak ensekirite alimantè nan kominote nou an ki depann

sou Mache Piblik Rochester a pou manje fre epi ki an sante, men li bay tou yon ogmantasyon byen nesesè pou kiltivatè yo ak lòt ti biznis ki patisipe nan Mache a pandan n ap antre nan sezon ivè a. Nou rekonesan anvè Depatman Agrikilti ak Mache yo pou opòtinite sa a pou sipòte fanmi ak kiltivatè Rochester yo pandan moman difisil sa yo."

PDG Mache Rejyonal Nouyòk Santral la (Central New York Regional Market), William Fisher, te deklare, "Pwogram Repons Ijans FreshConnect la te rive nan yon moman pafè pou kliyan ak vandè nou yo. Apre pi long fèmti gouvènman ameriken an nan listwa, nou te wè yon kantite rekò koupon FreshConnect distribye epi itilize nan mache samdi nou an nan dat 15 novanm nan. Nou pa ka remèsye Depatman Agrikilti ak Mache Eta Nouyòk la ase pou sa yo te fè ak pwogram FreshConnect yo a, pandan Thanksgiving ak tout sezon fèt la ap apwoche."

Jan yo te anonse sa nan dènye semèn yo, Gouvènè Hochul te dedye 106 milyon dola an plis sipò pou pwogram manje ijans, tankou:

- 65 milyon dola nan nouvo fon eta pou pwogram ki sipòte bank alimantè, depo manje, kantin popilè ak lòt sèvis pou bay asistans alimantè ijans pou Nouyòkè yo
- Akselere 30 milyon dola nan fon Leta pou sipòte plis pase 16 milyon repa
- Angaje plis pase 11 milyon dola pou sipòte èd alimantè ijans pou Nouyòkè ki nan bezwen yo.

Depi lè pwogram nan te kòmanse, gouvènman federal la te toujou finanse benefis SNAP yo. Eta Nouyòk jere apeprè 650 milyon dola pa mwa nan benefis SNAP ki finanse pa gouvènman federal la pou prèske 3 milyon Nouyòkè. Etandone anplè pwogram nan, Gouvènè Hochul ansanm ak lòt gouvènè atravè peyi a deja repete plizyè fwa ke okenn gouvènman eta pa kapab ranplase benefis SNAP yo ni kouvri pwogram nan ak pwòp mwayen pa yo.

Enfòmasyon Pwogram FreshConnect la
Eta Nouyòk te lanse pwogram FreshConnect Checks an 2011 pou kreye nouvo mache kiltivatè yo epi sipòte mache ki deja egziste yo ki bay lavant pou manje fre nan katye ki gen anpil bezwen. Objektif FreshConnect se pou elaji aksè ak manje fre nan kominote ki pa jwenn ase sèvis epi ankouraje devlopman ekonomik lè li ogmante revni pou machann nan mache kiltivatè yo, tankou kiltivatè yo, epi ede yo rive jwenn nouvo kliyan. Pwodiktè ki vann pwodui alimantè ki kalifye pou SNAP nan nenpòt mache kiltivatè, kyòsk fèm oswa mache mobil k ap fonksyone nan Eta Nouyòk ka aksepte yon chèk FreshConnect.

An 2024, 71 mache kiltivatè te patisipe nan pwogram nan, avèk 1,466,750 koupon ki te disponib pou konsomatè yo.

###

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU